

**DEDEN BUDIMAN, S.Pd.I**

**TINEKANAN**

Diterbitkan secara mandiri  
melalui [Nulisbuku.com](http://Nulisbuku.com)

TINEKANAN

Oleh: *Deden Budiman, S.Pd.I*

Copyright © 2018 by Deden Budiman, S.Pd.I

**Penerbit**

*Pander Indonesia Education Entertainment*

*Https://www.pie2.web.id*

*74upartnership@gmail.com*

Desain Sampul:

*Dindin Saepudin, Ama. Pust*

Diterbitkan melalui:

**www.nulisbuku.com**

ĒBTANAS geus réngsé tinggal nungguan hasilna, tapi da ceuk rarasaan mah niléy kuring moal goréng-goréng teuing da loba nu kaeusian, ogé kuring ngarasa gedé haté pasti lulus.

Rencana ti sakola yén pembukaan kalulusan téh rék di Pantéy Pangandaran, sedengkeun acara paturay tineung mah di sakola. Sakalian jeung ngabagikeun rapot kanaékan kelas cenah.

Dina waktuna ka Pangandaran téh nyaéta pidua poéun deui rék pembukaan atawa pengumuman kalulusan.

Kurang leuwih jam salapanan peuting rombongan ti sakola kuring berangkatna. Lantaran muru wanci subuh kadituna.

Teu kacaturkeun dijalanana, nu pastina mah suka bungah. Kuring jeung nu dariuk dina jok tukang mah ampir-ampir teu ngerejepkeun panon, gawéna téh ngan gogonjakan, nyeungseurikeun batur nu mabok mah, lalagan dibarengan ku gitar jeung tatalu bari jeung tara taramat ogé tiap laguna.

Datang ka Pangandaran téh kurang leuwih jam limaan. Ari kapala sakola katut bapa ibu guru jeung saparakanca mah ngabelenyeng ka pangingepan sakalian pesen kamar keur kuring saréréa, sedengkeun kuring saréréa mah salaku murid nungguan dina beus.

Tapi dasar keur mareujeuhna atuh nu sawaréh mah loba nu langsung ancrub ngomé cai laut bari jeung teu salin-salin acan, ari kuring mah cicing wé dina témbok pembatas témpat parkir jeung basisir.

“Budi, moal gentos acuk heula?” Teu kanyahoan aya sora awéwé titukangeun nanya ka kuring, ari rét geuning Néng Sumarni.

“Moal ah, da moal waka ngomé cai, dupi Néng badé langsung ancrub kitu?” Jawab kuring bari malik nanya kamanéhna.

“Duka atuh taya réncang.” Kituna téh bari luak-lieuk sigah nu néangan batur.

“Atuh reujeung sayah wé, da sayah ogé taya réncang.”

“Alim ah... paur aya nu timburu.”

“Saha nu bakal timburuna da sayah mah teu gaduh bébéné, paling ogé nu timburu ka sayah, héhéhéhé .....”

“Saha nu kersaeun ka Néng atuh Bud? Sakieu kabuktosanana.” Kituna téh bari luk tungkul.

Sajongjonan mah jep jempling kawas gaang katincak, bingung kuring téh, rék diajak bareng paur panggonjak babaturan, éra da kuring mah tacan kungsi babarengan jeung awéwé paduduaan.

Ari di antep sina sorangan karunya deuih, paur kuring disebut judes.

Keur kitu torojol nu dagang nawarkeun daganganana, sabangsaning bacang, goréngan, molen jeung sajabana, bari sabeulah ngajingjing kantong jeung sabeulah deui ngélék.

“Néng badé jajan? Étang-étang pangganjel wé.” Tanya kuring.

“Ukeun molen wé.” Walona téh bari nyokot dua siki.

“Sok naon deui atuh, da ku sayah ogé moal ditagih, héhéhé .....”

“Cekap.”

“Mhun teu nanaon pami kitu mah, mendingan didieu heula lah tong wara ka laut, bilih bapa-ibu guru kabujeng miwarang ka panginepan.”

“Muhun kitu saé, ngiringan wé Néng mah.” Bari gék manéhna diuk digigireun kuring, pagéyé-gyéyé dibarengan ku nyiwitan molen nu bieu.

Sanajan keur paduduaan ogé haté kuring mah biasa-biasa waé, dingin. Nu matak sapanjang éta téh ngobrol ogé kamana karep wé, kadangkala asbun.

Kurang leuwih jam salapanan, sagala geus réngsé, tinggal ulina harita téh.

Kuring geus jangjian jeung Anton katut bébénéna rék ka Pasir Putih, tiluan baé rencana téh. Kuring mah itung-itung bodigarna wé, da kuring sorangan can boga batur keur ngobrol.

Jung kuring tiluan indit, kuring mah nuturkeun titukangeun maranéhanana waé leumpang téh, bisi ngaganggu maranéhanana.

Karéék gé palebah jalan aya nu ngageroan, “Budi antosan sakedap!” Pokna téh, ku kuring dirérét, Néng Sumarni keur ngagedig nyampeurkeun.

“Ton, ké heula sakeudeung!” Kuring ménta ka Anton supaya nungguan heula.

“Aya naon Bud?” Jawab Anton.

“Itu Néng Sumarni ngageroan.”

“Aya naon cenah?”

“Duka teuing atuh, bisi aya penting dagoan heula.”

Barang tepi langsung Dina nanya, “Aya naon Néng? Dititah ku bapa kapala kitu?”

“Ah henteu Din, mung badé kamarana kitu ieu téh?”

“Ari Néng, ditanya malah nanya, naha rék ikutan kitu?” Tanya Dina.

“Duka atuh Din, teu aya réncang tur bilih ngaraos ka ganggu.” Kituna téh bari rék ka kuring.

“Ih .... rék ikutan mah hayu waé, kabeneran Budi taya batur ngobrol, karunya tuh siga hansip, héhéhé .....” Walon Dina bari ngiceupan, sigahna surti kana rérét Néng Sumarni ka kuring.

“Kumaha Budi, teu kaabotan diréncangan ku Néng?” Tanya manéhna bari melong ka kuring, katingali dina teuteupna sigah nu hayang dipikarunya. Kuring éléh déét, keur mah keun baé da moal nyusahkeun ieuh jeung keur batur ngobrol.

“Muhun mangga baé, mung tong hoyong diakod wé, héhéhé .....”

“Pirakuna atuh, da Néng téh sanés murangkalih, paling ogé ukeun di ais, héhéhé .....” Jawab manéhna dibarengan ku rada samutut nu matak ngirut.

“Ton, urang ka Cagar Alam wé lah, isuk deui waé ka Pasir Putih mah!” Ajak kuring.

“Hayu baé ana mah kamamana ogé.” Jawab Anton nyaluyuan.

Bring opatan, anu tujuan rék ka Cagar Alam. Anton anteng leumpang panghareupna duaan pagéyé-géyé bari jeung silih cepeng leungeun jeung Dina, kadangkala ngalieuk ka kuring duaan nu aya disatukangeunana, manéhna cukup ku seuri wéh.

Ēta ogé kuring ari leumpang mah ngaréndéng jeung manéhna téh, ngan teu sigah Anton, kuring mah keupat wé sanajan manéhna mépéd-mépéd ogé, kuring mah cuék wé api-api teu ngarti.

Pas lokét, telenyeng manéhna miheulaan ka kasir bari kusiwel ngaluarkeun duit rék mayar karcis. Nya atoh nu aya dipangmayarkeun mah sanajan kuring ogé masih kénéh kabedag. Tapi keun baé lah da tara

unggal poé ieuh jeung kuring percaya pasti manéhna mekelna gedé nu dingaranan anak jelema aya téa atuh.

Ti guha Jepang jeung guha Belanda, kuring opatan teu langsung heula ngider kamamana, ngadon istirahat heula dinu liuh bari murak babawaan dina kantong kérésék.

Anton duaan diukna misah rada ngajauhan kuring duaan, teuing naon nu diobrolkeun da bari seuseurian sagala kadangkala bari jeung tepak toél.

“Ari nu keur kasmaran teu dimana teu dimendi ari geus otél téh, sigahna nu séjén téh dianggap monyét wé.” Kuring nyarita rada ngaharéwos da maksudna mah nyarita kadiri sorangan.

“Atuh wios Bud nafsi-nafsi, nu penting mah ulah saling ngaganggu waé.” Jawabna, panyatéh manéhna teu ngareungeueun.

“Muhun éta ogé.”

“Bud, rencanana Budi badé neraskeun sakola atanapi didamel?”

“Maksud mah neraskeun sakola.”

“Kamana tah rencanana?”

“Kahoyong mah ka UGM, mung kamana waé milikna .....”

“O..... atuh tebih ogé nyah.....” Kituna téh bari luk tungkul, kuring teu pati teuing miroséa kana kaayaan manéhna harita.

“Pami Néng badé neraskeun kamana?”

“Ah Néng mah moal kamamana, paling ogé ka UNPAS.”

“Lebar atuh Néng, tong langsung ka UNPAS, nyobian heula ngiring Sipenmaru.” Kuring ngarasa reuwas jeung manglebarkeun, lantaran manéhna kaasup jelema pinter ogé.

“Universitas Pasar maksud téh, héhéhéhé .....”  
Manéhna ngajawab bari jeung seuri, kuring ogé milu seuri geuning bisa heureuy ogé manéhna téh.

“Hahahaha ..... aya-aya waé Néng mah.”

“Atuh pami Budi janten ka UGM mah engké urang sesah pami badé ruang-riung téh nyah?” Kituna téh bari rada ngaheruk.

“Naha da pami aya rencana kempel mah kantun ngagentraan padamel pos wé atuh.”

“Sanés kitu,.....”

“Ari tos maksud Néng téh kumaha?”

“Ah henteu.... sigah nu teu ngartos baé Budi mah?”

“Muhun numawi naroskeun ogé rada poékeun ieu téh.”

“Muhun wios lah tong dibahas deui.”

“Sok teu paruguh nyarios téh.”

Sajongjonan pada ngabetem, tapi ari baham mah terus cupak-capék bari rurat-rérét kaditu kadieu, kuring mah haré-haré kamanéhna téh nu sigahna rada alum.

Pok kuring ngajak nuluykeun deui lalampahan, “Hayu ah urang ka Rengganis heula!”

Manéhna teu ngajawab sakemék-kemék acan, ngan tuluy manéhna mérésan sésa bekel, sup-sup diasupkeun deui kana kérésék. Jung nangtung léos indit teu maliré ka kuring.

Jung kuring ogé cengkat, tuluy nuturkeun manéhna nu leumpang noyod bari jeung tungkul.

Terus manéhna dibarengan ku Dina, duka teuing naon nu diobrolkeun da pating kecewis. Anton ngabarengan kuring bari nanyakeun kunaon cenah Néng Sumarni kitu? Deregdeg wéh kuring ngadadarkeun timimiti nepika ahir taya nu kaliwat.

“Ih dasar belet énté mah Bud?” Pokna téh.

“Naha kitu Ton? Pan sayah mah nyarita saujratna.”

“Heueuh éta ogé, da ceuk rarasaan ana mah lamun hiji awéwé kitu pasti aya kahayangna.”

“Enya sayah ogé apal.”

“Naha atuh kalahka haré-haré énté téh?”

“Ari geus? Da sayah mah nalipak manéh atuh.”

“Atuh saheulaanan mah sugemakeun haténa, itung-itung ibadah wé héhéhé ..... kahareupna mah kumaha énté wé lah.”

Teu karasa geus nepi ka Guha Rengganis, kasampak manéhna jeung Dina geus ngomé cai. Barang jol kuring duaan téh manéhna mah haré-haré wé sigah nu keuheul kénéh ka kuring téh.

Kuring kitu kénéh api-api teu butuh, tuluy kuring mah ancrub, sup kajero guhana, teu kebat kajero pisan da karék gé kurang leuwih sababaraha léngkah tina biwir guha geus rada jero.

Barang rék kaluar deui, kuring rét ka lebah katuhu, dina cohak guha karérét aya bra jeung CD awéwé meunang nilepan. Dina haté naha nu saha? Da nu dijero guha mah euweuh awéwé, lalaki kabéh.

Teu dikitu-kieu ku kuring ogé da sieun aya itu-ieu kahareupna. Tapi ngadéngé ceuk dongéng cenah

lamun ka Rengganis loba jelema nu geus ditedunan kahayangna atawa paniatanana.

Geus ngarasa cukup babaseuhan di Rengganis, tuluy kuring opatan mapay-mapay deui guha nu lain. Sup ka guha nu dipaké suting dina filem Ma Lampir, nyaéta guha Parat téa.

Didieu kuring popotoan da manéhna mawa kodak. Lamun opatan nitah kabatur nu sarua kadarinya, lamun duaan-duaan enya ku kuring atawa ku Anton.

Kuring ogé sababaraha kali dipotrét duaan jeung manéhna téh, malah ceuk gayana mah berfoselah supaya katingali kerén.

Aya nu biasa keur ngaréndéng, aya nu bari dikaléng cangkéngna, aya nu dikaléng taktakna, malah aya nu ditangkeup titukang.

Keluar ti guha katingali manéhna rada bérag deui, jeung deuih daék deui leumpang ngaréndéng jeung kuring.

Anjog ka pelélangan ikan, terus mapay-mapay, pokona kumaha ceuk haté wéh.

“Bud, sigahna seger nuju panas kieu pami kana kalapa muda muhun?” Manéhna muka obrolan dibarengan ku imut nu leleb.

“Muhun mangga badé mésér mah.”

“Budi badé?”

“Moal ah, sayah mah jalangar sidik ogé.”

“Atuh urang mésér landong muhun?”

“Teu kedah, ieu mah jangar téh hoyong cikopi sigahna mah.”

“O ..... hayu atuh urang ka warung kopi heula.”

“Saurna tadi Néng hoyong kalapa muda?”

“Muhun éta ogé,,, , tuh diwarung nu itu geuning aya kalapa mudana ogé.”